

## Konsèy pou Konsomatè

- Kenbe resi w yo!
- Li epi konprann kontra yo ANVAN ou siyen yo.
- Fè rechèch sou biznis yo si ou pa konnen yo byen.
- Sèvi avèk yon kat kredi pou acha anliy.
- Rete ajou epi verifiye rapò kredi ou detanzantan.
- Ou dwe entelijan - si yon òf twò bèl pou se toutbon, se siman sa. **PA JANM** bay ni nimewo Sekirite Sosyal ou, ni nimewo kat kredi oswa kont labank ou.

Èske mekanisyon w lan ba ou yon bòdwo ki depase premye estimasyon an lontan?

Èske ou te peye pou machin ou an ranje epi li kontinye ap bay menm pwoblèm nan?

Èske yo te rale machin ou ilegalman oswa yo te fè ou peye twòp poutèt yo te rale li?

Èske konpayi demenajman w lan te ba ou yon Deklarasyon Dwa? Èske yo te fè ou peye plis pase estimasyon w lan?

Èske ou se yon anlwaye yo pa peye?

Èske ou bezwen fè yon revandikasyon nan tribinal denstans epi ou bezwen plis enfòmasyon sou pwosede a?

*Misyon Biwo Pwoteksyon Konsomatè a se garanti yon mache jis ak san danje pou rezidan yo, vizitè yo, ak biznis yo nan Konte Miami-Dade. Nou fè sa gras a pèmi ak règlemantasyon pou diferan endistri, envestigasyon ak antremiz nan ka plent konsomatè, epi edikasyon sou pwoteksyon konsomatè pou piblik la.*

## Anyè

### Biwo Pwoteksyon Konsomatè

601 NW 1st Court, 18th Floor, Miami, Florida 33136

786-469-2300

Imèl: [consumer@miamidade.gov](mailto:consumer@miamidade.gov)

### Sant Antremiz pou Konsomatè

786-469-2333 ■ 786-469-2303 faks

Depi nan lendi rive nan vandredi

Orè 8 a.m. - 4:30 p.m.

### Pèmi Fonksyònman

Orè 8 a.m. - 3:30 p.m.

Imèl: [license@miamidade.gov](mailto:license@miamidade.gov)

Pou plis enfòmasyon sou Biwo Pwoteksyon Konsomatè a, tanpri vizite nou sou [www.miamidade.gov/business/consumer-protection.asp](http://www.miamidade.gov/business/consumer-protection.asp).

## Sant Antremiz pou Konsomatè a 786-469-2333



Pou pote yon plent konsomatè anliy, tanpri sèvi avèk kòd QR la oswa al sou [www.miamidade.gov/business/consumer-complaints.asp](http://www.miamidade.gov/business/consumer-complaints.asp)



Pou pote plent kont sèvis transpò anliy, tanpri sèvi avèk kòd QR la oswa al sou [www.miamidade.gov/business/transportation-complaints.asp](http://www.miamidade.gov/business/transportation-complaints.asp)



Pou pote yon plent vòl salè anliy, tanpri sèvi avèk kòd QR la oswa al sou [www.miamidade.gov/business/library/forms/wage-intake-form.pdf](http://www.miamidade.gov/business/library/forms/wage-intake-form.pdf)



Pou jwenn plis enfòmasyon sou biznis ki règlemante ak pèmi yo, tanpri sèvi avèk kòd QR la oswa al sou [www.miamidade.gov/licenses/business-licenses-consumer-protection.asp](http://www.miamidade.gov/licenses/business-licenses-consumer-protection.asp)

Depatman Resous Règlemantè ak Ekonomik

## Biwo Pwoteksyon Konsomatè



*N ap garanti yon mache jis ak san danje pou rezidan yo, vizitè yo ak biznis yo*

# Biwo Pwoteksyon Konsomatè

Biwo Pwoteksyon Konsomatè a fè respekte lwa yo sou pwoteksyon konsomatè selon kòd Nòm Komèsyal Inifòm ak Pratik Komèsyal Twonpè Konte Miami-Dade yo epi li règlemante epi fè aplike lwa ki gen pou wè avèk biznis ak pwofesyon espesifik.

**Biznis ki Règlemante:** Endistri ak pwofesyon règlemante ki resevwa pèmi nan men biwo a se:

- Konpayi bòs seri ak bòs seri
- Garaj pou ranje machin ak mekanisyon
- Pretè sou tit machin
- Konpayi demenajman
- Klinik tretman doulè
- Founisè medikal pou donmaj kòporèl
- Konpayi remòkay
- Konpayi imobilizasyon machin
- Konpayi kontè dlo ak mèt pwopriyete

**Sant Antremiz pou Konsomatè a:** Biwo Pwoteksyon Konsomatè a ap dirije yon Sant Antremiz pou Konsomatè ki resevwa epi okipe plent konsomatè; abitre konfli ant konsomatè ak biznis; emèt sitasyon sivil lè biznis yo vyole lalwa; epi fè prezantasyon pou edikasyon ak sansibilizasyon konsomatè pou òganizasyon sivil, komèsyal, charitab, ak edikatif.

Anplis endistri ak pwofesyon ki nan lis ki pi wo a, Biwo Pwoteksyon Konsomatè a resevwa epi envestige tou plent sou lòt biznis prive toupatou nan Konte Miami-Dade; kenbe rejis plasaj Konte a epi administre Pwogram Vòl Salè Konte a, ki ofri anplwaye yo opòtinite pou yo fè envestige, abitre ak/oswa prezante devan yon Oditè afimasyon dèske yo pa peye yo/pa peye yo ase.

**Defansè Konsomatè a:** Yon eleman san parèy nan Biwo Pwoteksyon Konsomatè a, Defansè Konsomatè a reprezante enterè piblik la gras a aksyon kont biznis ki vyole règleman biwo a ap fè aplike yo epi edikasyon mèt biznis yo sou kesyon konfòmite ki gen pou wè avèk endistri yo a.

Defansè Konsomatè a ap pouse aktivman edikasyon ak sansibilizasyon konsomatè gras a yon gran evantay pwogram tankou paregzanp prezantasyon sou tribinal denstans, konferans sou vòl salè, ak enfòmasyon pwo-aktif sou kijan pou evite tantativ malonèt ki gen pou wè avèk fwòd, vòl idantite ak pratik komèsyal malonèt.


## PREZANTASYON GRATIS POU KOMINOTE A

**Ou bezwen al nan Tribinal Denstans?** Vin nan youn nan prezantasyon gratis nou yo sou tribinal denstans. Èske w ap travay pou yon òganizasyon charitab, sivik, oswa edikatif ki gen manm li ki enterese nan kesyon pwoteksyon konsomatè? Biwo nou an kapab ofri yon prezantasyon gratis sou travay Biwo Pwoteksyon Konsomatè a ak lòt sijè, tankou paregzanp vòl idantite. Al sou sit wèb nou an oswa kontakte Sant Antremiz pou Konsomatè a nan (786) 469-2333 pou plis enfòmasyon.



## PLENT KONSOMATE

Lè w ap pote plent, sonje bay tout fè enpòtan yo sou tranzaksyon an epitou jan ou ta renmen pou yo rezoud pwòp plent pa w la. Li itil pou w tache kopi oswa foto tout kontra, reklam, resi, ak tout lòt dokimantasyon dapui pou pwouve kiyès, kisa, ki lè, ki kote ak kijan. Pi ba a w ap jwenn pwosede nou itilize a lè n ap okipe plent konsomatè.



Tout plent yo pote bay Sant Antremiz pou Konsomatè a rete fè pati dosye pèmanan nou yo epi nou kapab divilge yo konfòmman a lwa sou dosye piblik Florid la.